

Enstriksyon pou Avi Ekri Konsènan Montan yo Peye ak Jou Yo Abitye Peye

Apart 9 avril 2011 Seksyon 195.1 nan Lwa sou Travay, egzije pou tout konpayi yo, met sou lòt ajans gouvènman yo, bay anplwaye yo enfòmasyon ki annapre yo nan moman y ap anboche yo (anvan yo travay):

1. Montan y ap peye anplwaye a
2. Montan yo peye pou lè siplemantè, si règleman anrapò ak lè siplemantè koresponn ak anplwaye a
3. Fason yo peye (pa èdtan, pa orè, pa semèn, pa pyès, komisyon, elt.)
4. Nenpòt alokasyon anplwaye a gen entansyon reklame nan kad salè minimòm nan tankou poubwa, repa, ak alokasyon pou lojman
5. Jou yo abitye peye
6. Non konpayi a ak nenpòt non konpayi a itilize pou l fonksyone (DBA)
7. Adrès biwo prensipal konpayi a oswa premye kote konpayi a ye, si l pa menm, adrès postal konpayi a
8. Nimewo telefòn konpayi a
9. **Apati 01/10/2020** - Pati nan avantaj montan minimòm pou dedomajman pou swen lakay la jan sa deki nan seksyon twa mil sis san katòz-c nan Lwa sou Sante Piblik ("avantaj èd swen lakay"), si sa aplikab; salè siplemantè nan moman an, si genyen, reklame kòm yon pati nan nenpòt ki salè ki aplikab nan moman an oswa menm kondisyon yo.

Konpayi yo dwe bay avi a nan lang Anglè ak premye lang la anplwaye a pale.

Konfimasyon Anplwaye

Konpayi a dwe fè anplwaye a siyen yon deklarasyon kote l rekonèt li resevwa avi ekri a ann Anglè ak premye lang anplwaye a. Anplwaye yo dwe rekonèt tou yo byen fè anplwaye konnen premye lang yo. Konpayi a dwe konsève avi ak konfimasyon ki siyen e ki gen dat la pandan sis lane epi bay anplwaye a yon kopi a.

Modèl Avi ak Konfimasyon

Depatman Travay (DOL) te prepare modèl pou plizyè kalite antant pèman moun abitye sèvi, tankou vèsyon de lang nan Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Polonè, Ris ak Espanyòl. Gen yon pati nan modèl yo pou anplwaye a konfime li resevwa dokiman an Depatman an prepare. Modèl yo disponib sou sit entènèt Depatman an sou www.labor.ny.gov e gen kopi papye.

Si Depatman Travay pa fè yon modèl nan yon lang presi, konpayi yo ka bay avi bay anplwaye sa a avi a sèlman nan lang Anglè.

Konpayi yo p ap resevwa sanksyon pou erè ki nan modèl DOL prepare yo.

Depatman an gen dwa pou l mande pou konpayi yo itilize fòmilè DOL yo alavni, si avi konpayi a pa respekte kondisyon yo.

Gade Enstriksyon LS 53 yo: Modèl pou Avi Anrapò ak Montan yo Peye, Jou yo peye ak Konfimasyon Anplwaye a dapre seksyon 195.1 Lwa sou Travay nan Eta Nouyòk pou jwenn yon modèl ki ka apwopriye pou antant espesyal konsènan salè.

Montan pou lè siplemantè

Pifò anplwaye yo dwe touche 1½ fwa montan yo abitye touche pou lè siplemantè pou tout lè yo travay plis pase 40 èdtan pa semèn. Nan kèk metye ki pa nan kesyon lè siplemantè dapre Lwa federal pou Jistis nan Travay la, Lwa Travay Eta Nouyòk egzije pou yo peye anplwaye yo omwen 1½ fwa montan minimòm pa èdtan pou lè siplemantè yo. Gen kèk metye ki pa konsènan nan dispozisyon pou yo peye pou lè siplemantè ni nan lwa eta a ni nan lwa federal la. Apati 1/1/2020 Konpayi Agrikòl yo dwe peye 1½ fwa montan yo abitye peye a pou tout lè moun travay ki depase 60 nan yon semèn.

Lè siplemantè nan Jou Konje

Konpayi agrikòl yo dwe peye 1½ montan yo abitye peye pou tout lè yo te travay nan jou konje. Konpayi ki gen Travayè Domestik yo dwe peye 1½ fwa montan yo abitye peye pou tout èdtan yo te travay nan jou konje.

Anplwaye Sa Pa Konsène

Avi pou anplwaye ki pa konsène yo dwe bay detay sou ekspeksyon presi ki aplike a.

Jou Yo Peye

Jou yo abitye peye a dwe omwen chak semèn pou travayè manyèl, omwen de fwa nan yon mwa pou biwo ak lòt travayè, epi omwen chak mwa pou moun k ap vann pou komisyon.

Lòt Kondisyon Anrapò ak Avi

Pou kategori anplwaye ki annapre yo, gen lòt dispozisyon pou avi Lwa ak/oswa Règleman Travay yo egzije. Tanpri gade seksyon yo site pi ba a pou plis enfòmasyon.

- Anplwaye K Ap Vann Pou Komisyon (191.1c)
- Anplwaye fèm (190-6.1)
- Anplwaye Endistri Otèl (146-2.2)
- Èd pou Swen Lakay (195)
- Salè Anplwaye Nan Moman an (195 & 220)

Konpayi ki bay Èd Tanporè

Depatman an te kreye yon fòmilè avi akenstriksyon separe pou konpayi èd tanporè yo itilize (LS 50). Li disponib sou sit entènèt Depatman an oswa sou papye. Itilizasyon règleman sa yo ak fòmilè a se sèlman pou konpayi ki respekte definisyon ekspresyon "konpayi èd tanporè" nan Seksyon 916.5 Lwa sou Travay la.

Pou plis enfòmasyon oswa èd, tanpri kontakte Depatman Travay Depatman Eta Nouyòk la, biwo Divizyon ki Responsab Prensip nan Travay ki pi pre w la oswa ale sou sit entènèt nou an ki se www.labor.ny.gov.

Albany District

1220 Washington Ave.
Bldg. 12 Room 185A
Albany, NY 12226
(518) 457-2730

Buffalo District

295 Main Street
Suite 914
Buffalo, NY 14203
(716) 847-7141

New York City District

55 Hanson Place
11th Floor
Brooklyn, NY 11217
(212) 775-3880

Syracuse District

333 East Washington Street
Room 121
Syracuse, NY 13202
(315) 428-4057

Bronx District

55 Hanson Place
11th Floor
Brooklyn, NY 11217
(212) 775-3597

Garden City District

400 Oak Street
Suite 102
Garden City, NY 11530
(516) 794-8195

Rochester District

276 Waring Road
Room 104
Rochester, NY 14609
(585) 258-4550

White Plains District

120 Bloomingdale Road
White Plains, NY 10605
(914) 997-9521